


# S. BAHADIROVANIŃ ILIMIY-IZERTLEW DÓRETIWSHILIGINIŃ BAǴDARLARI

**Kalieva Arıwxan Maqset qızı**
Ádebiyattanıw: Qaraqalpaq ádebiyati qanigeligi
2-kurs magistrantı, QMU
https://doi.org/10.5281/zenodo.7997787

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25-May 2023 yil
Ma'qullandi: 28-May 2023 yil
Nashr qilindi: 31-May 2023 yil

**KEY WORDS**

*ádebiyat, qaraqalpaq ádebiyatı, jazıwshılar, Sarıgúl Bahadırova, povestler, gúrrińler.*

**ABSTRACT**

*Qaraqalpaq ádebiyatınıń baǵdarlarınıń biri proza tarawında óziniń óziniń dóretken povestleri hám gúrrińleri menen bekkem orın iyelegen Sarıgúl Bahadırova qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákilleriniń biri bolıp tabıladı. Sonlıqtan, maqalanıń baslı maqseti Sarıgúl Bahadırovanıń dóretiwshiligin analizlew bolıp tabıladı. Usı tiykarda jazıwshınıń repertuarınan orın alǵan povestleri hám gúrrińleri tereńnen talqılandı. Izertlew jumısınıń juwmaǵına kóre, Sarıgúl Bahadırovanıń miynetleri Qaraqalpaq ádebiyatında óziniń ayırıqsha ornına iye ekenligin kóriwge boladı.*

XX ásirdiń 60 — 70-jılları qaraqalpaq ádebiyatında kórkem shıǵarmalar jazatuǵın hám sonıń menen birge, ilimiy-izertlew jumısların alıp baratuǵın kórkem sóz sheberleri dóretiwshilik maydanǵa keldi. Sarıgúl Bahadırovanı solardıń biri sıpatında atap kórsetiwge boladı. Bul qubılıs qaraqalpaq milliy ádebiyatındaǵı jeke ózine tán ózgeshelik bolıp esaplanadı. Usı ózgeshelikke iye S.Bahadırova qaraqalpaq prozasında áhmiyetli máselelerdi kóterip, quramalı obrazlardı jasap, milliy ádebiyattı aytarlıqtay jetiskenliklerge eristirdi [2].

Jazıwshı Sarıgúl Bahadırova óz dóretiwshiligin dáslep gúrrińlerden basladı. Avtordıń gúrrińleri turmıstaǵı ápiwayı waqıyalardan úlken ideyalıq juwmaq shıǵarıwı menen ajıralıp turadı. Onıń «Anama xat» gúrrińinde (1965) kollektivlestiriw dáwiriniń tragediyalıq aqıbetleri súwretlenedi. Bul gúrrińde qızdıń anası menen sırlasıwı formasında, yaǵnıy onıń anasınan keshirim sorap jazǵan xatı arqalı bir shańaraqtıń táǵdiri bayan etiledi. Qızdıń ákesi jala menen qamalıp ketedi, qız anası menen ekewi qaladı. Mine, usı waqıtta kórgen qıyınshılıqların, óziniń júrek sezimlerin qız anasına xat formasında jazıp sırlasadı. Qız ózi erjetkennen keyin anasın túsinip, onnan keshirim soraydı [5, 15].



Sarıgúl Bahadırova «Hayallar» (1973), «Ómir sabaǵı» (1980), «Táǵdir» (1981-1989), «Keshikken soldat» (1982) povest hám romanlardıń, sonday-aq, bir Qatar «Anama xat», «Bala — beldiń dimarı», «Aǵayin» hám t.b. gúrrińlerdiń avtorı. S. Bahadırovanıń «Roman hám dáwir» (1978), «Folklor hám qaraqalpaq sovet prozası» (1984), «Kitabi dedem Qorqıt», «Qoblan», «Edige» hám «Házirgi ádebiyat haqqında oylar» (1992) atlı ilimiy miynetleri bar [1].

Sarıgúl Bahadırovanıń "Urıstan soń" dep atalǵan povestinde urıs jıllarındaǵı hayallar ómiri, olardıń basınan keshirgen qıyınshılıqları sóz etiledi. Sonıń menen birge usı povestti oqıw arqalı biz sol dáwirlerde xalıqtıń qalay turmıs keshirgenligin, Watandı qorǵaw ushın ketken er-azamatlardıń pidayılıǵın, watandı súyiwshiligin kóriwimizge boladı. Bunıń ayqın dáliylin tómende keltirilgen úzindiden bilip alsaq boladı:

... Urıs jılları jas óspirim qız edim. Awılda jumısqa jaraytuǵın erkektiń tuqımı qalmaǵan soń meni awılǵa brigadir etip qoydı. Tańerten «jumısqa shıǵınlar-ayy!» dep awıldı basıma kóteremen. Hesh kimniń jaǵdayına qaramayman. Biletuǵınım, kolxozdıń jumısı, paxta teriw, frontqa mal, dán jiberiw... Hár bir paxtanıń gramı fashistke atılǵan oq, al fronttaǵı áskerlerge tamaq bolatugın dán menen maldıń hár bir gramı olardıń janına jalǵaw... Sonıń ushın kún demeymen, tún demeymen, kolxozshılardı jumısqa shıǵaraman. Hayallar kún boyı atızda boladı, erkektin de jumısın hayallar isleydi. Ógizdi aydap, aqsay menen jer awdaradı, egin egedi, kanallardı qazadı, suw keletuǵın japlardı tazalaydı... Emiziwli balalar da atızda uyıqlaydı, ballardıń ómiri atızda, shańnıń arasında ótedi. Hayallar atızda tuwadı, awırsa da atızda, ólse de atızda boladı. Sońına qaray erkekler bolmaǵan soń tuwıp atırǵan hayal da bolmay qaldı.

-Apa, usı xattı saǵan oqıp bergende erke balań seniń aq sútińdi aqlaw ushın, Watan tapsırmasın orınlaydı. Ukrainadaǵı sendey analardı qorǵaw ushın dushpan menen betpe - bet alısıwǵa ketemen. Ukrain anası, rus anası, belorus anası meniń anam. Meniń Watanım. qay jerde bolsın, kimniń anası bolsın, bári bir emes pe, biz topılıp kelgen jawdan eldi qorǵawımız kerek. Mendey uldı tárbiyalaǵan saǵan barlıq adam raxmet aytadı, al men dushpannıń bir qural-jaraq qoyǵan skladın kúl-talqan etip órteymen.. Biraq, ele kóp nárselerdi islegim keledi. Qanshama ármanlarım orınlanbay jerge tógilgen dán sıyaqlı, shashılıp qalıp baratır. Aynalayın, anajanım, saǵan aytatuǵın qansha sezlerim bar, ilaj joq, waqıt tar, házir sezimniń sońǵı noqatın qoyaman. Seni hesh jılatqım kelmeydi... biraq házir basqasha isley almayman. Irza bol, maǵan. Anajanım, házir aq sútińniń dámi ele awzımda. Mamıqtay jumsaq alaqanıń mańlayımdı sıypalaǵanın saǵındım.

Anajanım! Kez jasındı tókpeshi, jılama! Sońǵı ótinishim, jılamashı, tek sennen keshirim sorayman. Men seni jılatqım kelmeydi. Atam dese de, botam degizbegeysen» deytuǵın ediń. Senin botalaǵıń artında elpeshlegen aru anasın taslap ketip baratır. Sepi jılatqanım ushın keshir meni. Meni sorap saǵan bir qız keledi, sol qızǵa rasın aytpashı... Oǵan «kút» dep ketkenmen, ol kútemen dep qalǵan. Ol qızdıń shashın jayıp jılaǵanın qálemeymen.

Apa, saǵan aytayın degen sózlerim kóp, waqıt az, sonlıqtan sońǵı sózimdi aytayın. Apa, ótinish etemen, jılama!.. Apa, seni fashistlerdiń gaz pech'ke salıp órtegenin qalay kóremen? Seni songı qanım qalǵansha qorǵawım kerek emes pe, men usı joldı tańladım. Basqasha isley almayman.

Apa, maǵan bergen aq sútine riyza bol. Usı xattı jazıp bolıp, qural-jaraqlarımdı asınaman da, jolǵa shıǵaman. Bul jaqta túnniń yarımı, tań aldı, sen namazıńdı oqıp bolıp meniń aman-esen qaytıwımdı Alladan jalınıp-jalbarınıp soranıp, basıńdı jerge qayta-qayta iyip atırǵan shıǵarsan.

Anajanım, xosh, meni shaqırıp atır» [3].

Bul úzindi hásiretli ana hám miyirman perzenttiń ishki tolǵanısların sáwlelendiredi. Bul arqalı hár bir insandı tınısh jurtta jasap atırǵanlıǵınan quwanısh sezimin oyatıwǵa iytermeleydi.

S.Bahadırovanıń «Tumaris hám Kir» povestinde tariyx sabaqları arqalı bunnan da kórkem hám isenimli etip berilgen [4]. Durıs, qaraqalpaq ádebiyatında Tumaris obrazı I.Yusupov, G.Dáwletova, H.Ótemuratovanıń poema hám romanlarında da jaratılǵan. Biraq, bul shıǵarmalarda kóbirek jawıngerlik, hayal-qızlarımızdıń mártlik, qaharmanlıq sıpatları ulıǵlanǵan bolsa, S.Bahadırovanıń atı atalǵan povestinde bul sıpatlardan da góri onıń hám ana hám hayal sıpatında júrek dúrsiline kóbirek dıqqat awdarılǵan. S.Bahadırova povestte Tumaristi mártlik gúreslerin, jurt basqarıwındaǵı ádilligin, alıp barǵan iygilikli islerin biykarlamaǵan halda birinshi gezekte onı hayal patsha sıpatında emes, hayal Ana patsha sıpatında kórsetiwge háreket etken. Bul shıǵarmanıń baslı jetiliskenlikleriniń biri de, mine, usı sıpatı menen belgisinde. Povesttiń temasınan kórinip turǵanınday, jazıwshı barlıq waqıyanı baslı qaharmanlar Tumaris hám Kir átirapına jámlep beriwge umtılǵan. Yaǵnıy, povestte oraylıq figura esaplanǵan massagetler patshası Tumaristiń mártlik isleri menen bahadırlıǵı, analıq mehir-muhabbatı qarısıp sintezlenip súwretlense, al, onıń qarsılası Kirdiń basqınshılıq háreketleri menen hiylekerligi parallel ráwishte ashıladı. Povest waqıyaları birneshe bólimlerge bólinip kóbirek avtor tilinen epikalıq usılda bayanlanǵan. Avtor hárbir bólimge ótpesten aldın ertedegi Avesto esteliginen hám xalıq ańız-ápsanalarınan alınǵan ibratlı hám danalıq sózlerden epigraf sıpatında paydalanıp barǵan. Bul usıl, álbette, povest waqıyalarınıń awızeki hám jazba materiallarǵa oǵada bay ekenligin ańlatadı. Povesttegi awızeki hám tariyxıy jazba dáreklerden alınǵan ayırım syujetler menen detallardıń tariyxıy dáwir qaharmanlarınıń xarakterin ashıwda járdemshi xızmet etkenligin kóremiz, jáne de jazıwshı povesttiń ayırım orınlarında Tumaris hám Kir haqqındaǵı waqıyalarǵa lirikalıq sheginis jasap—Siriya táńiri Derkettiń qızı Simma tárbiyalaǵan ájayıp qız Semiramida tuwralı hám Midiya áskerbası Striangey hám saklardıń hayal patshası Zarina haqqındaǵı ápsanalardı gúrriń etedi. Bul arqalı avtor erte zamanlardan baslap-aq hayallar basqarǵan patshalıqtı hám batır qızlar háreketleriniń húkim súrgenligin dálillemekshi boladı. Jazıwshı bul povestinde tariyxıy dáwir waqıyaların dóretiwde kórkem oylaw yamasa fantaziyalıq oylaw imkaniyatlarınan sheberlik penen paydalanǵan. Álbette, bunısız avtor tolıq mazmundaǵı tipik qaharman obrazın jaratıw qıyın ekenligin tereń sezingen. Sonlıqtanda povesttegi Tumaris, Kir, Sparganiz (povestte Sparangiz) obrazlarınıń ádebiy tip dárejesine kóteriliwinde yadtan oylap tabılǵan obrazlardıń, mısalı, Tumaristiń bas ásker basısı Krat, aqılgóyi Zaridr, ásker basısı



Oksiart, ańshı jigit Panay, Kirdiń ásker basısı Kámbiz sıyaqlı toqıma obrazlardıń járdemi oǵada úlken. Bul personajlar shıǵarmanıń bastan ayaǵına qatnaspasa da waqıyanıń bir qálipte tutas túrde izbe-iz rawajlanıp barıwında, anıǵıraǵı jazıwshınıń ideyasın óz maqsetine jetkerip beriwde sheshiwshi xızmet atqaradı.

**Juwmaq.** Joqarıda keltirilgen maǵlıwmatlarǵa tiykarlana otırıp sonday juwmaqqa keliw múmkin: S.Bahadırovanıń kórkem prozalıq shıǵarmaları óziniń qunlı ideyaları arqalı jaslardı Watan súyiwge, márt, batır ul-qızlar bolıp ósiwge shaqırıw menen birge, turmısta hárkim óz ornında turıwǵa erlerdi er sıpatında erlik islerge taq turıp qalıwǵa, hayal-qızlarımızdı hámiyshe gózzal hám tirishiliktiń jaratıwshısı, milletiń tárbiyashısı Ana hám Hayal bolıp qalıwǵa shaqırıp turadı. Sonlıqtan onıń proza tarawındaǵı ilimiy-izertlew dóretiwshiligi qaraqalpaq ádebiyatında qunlı orınǵa iye.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Allambergenov K, Orazimbetov Q, Paxratdinov A, Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq adebiyati tariyxı. I bólim: Qaraqalpaq adebiyati rawajlanıwınıń tiykarǵı basqıshları /Joqarı oqıw orınları ushm sabaqlıq. -“Sano-standart”, Tashkent, 2018 ,- 520 bel.

2. K. Allambergenov, Q. Orazımbetov, M. Bekbergenova, Z. Bekbergenova. Qaraqalpaq ádebiyatı. Ulıwma bilim beriw mekteepleriniń 11-klass ushın sabaqlıq. — Nókis: «Bilim» baspası, 2018-jıl. — 256 bet.

3. S.Bahadirova, Qaraqalpaq qanday xalıq?, Tashkent, Navro’z, 2017

4. S.Bahadirova, Tumaris, Toshkent, O’zbekiston, 2016

5. С. Баҳадырова. Турмыс сабағы. — Нөкис: «Қарақалпақстан», 1982. — 15-бет.